

Pou Piblikasyon Imedya: 14/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN MACHE AGRIKÒL SEZON DETE A

Plis Pase 700 Mache Toupatou Atravè Eta a ap Ofri Nouyòkè yo Pwodui Agrikòl Frèch, Nourisan, yo Kiltive Onivo Lokal

Mache k ap Patisipe yo ap Ede Ofri Fanmi ki gen Revni Fèb yo Aksè a Fwi ak Legim Nourisan Gras a Pwogram Asistans Alimantè yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lansman wot sezon mache agrikòl dete a toupatou atravè Eta New York, kote plis pase 700 lokalite toupatou atravè eta a pral ofri Nouyòkè yo aksè a pwodui alimantè ak bwason frè yo kiltive ak pwodui onivo lokal gras a pwogram tankou pwogram FreshConnect la. Kiltivatè New York yo ap benefisye tou de wot sezon an paske mache agrikòl yo ede agrikiltè ak pwodiktè yo ogmante lavant yo epi rive jwenn nouvo konsomatè yo. Yon kat jewografik ki montre kote mache ki nan Eta New York yo ye disponib [la](#) epi gen yon lis konplè ki gen tout mache agrikòl yo disponib [la](#).

"Empire State gen yon endistri agrikòl florisan, epi sezon mache agrikòl la se okazyon pafè pou Nouyòkè yo vin savoure tout sa kiltivatè ak pwodiktè lokal yo gen pou yo ofri yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Menm jan mache sa yo ofri kiltivatè yo opòtinite pou yo vann pwodui yo bay nouvo konsomatè, nou fyè pou nou sipòte pwogram k ap ede Nouyòkè ki gen tout nivo revni vizite mache agrikòl lokal yo epi achte pwodui ki pi frèch ki disponib pou yo ka gen yon rejim alimantè byen ekilibre, ki bon pou lasante."

"Agrikilti se yon eleman enpòtan nan ekonomi rejyon nò nou an k ap ofri pwodui ki gen kalib mondyal", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Pandan sezon mache agrikòl la ap kòmanse toupatou atravè eta a, nou ap ankouraje Nouyòkè yo pou yo al vizite anpil santèn mache nou yo epi pwofite de sa yo genyen pou ofri yo. Nou vle pou tout moun gen opòtinite pou yo sipòte kiltivatè lokal yo epi jwenn aksè a kèk nan pi meyè pwodui ki gen nan peyi a."

Prèske 1.5 milyon Nouyòkè ap viv nan zòn ki gen aksè limite a fwi ak legim frèch. Lè nou agrandi aksè a pwodui alimantè frèch nan kominote defavorize yo, mache agrikòl yo ap ede pwomouvwa pi bon alimantasyon. Depatman Agrikilti ak Mache Eta a (State Department of Agriculture and Markets) ap jere plizyè pwogram k ap asire ke Nouyòkè yo jwenn aksè a pwodui alimantè frèch, tankou fwi ak legim, pandan y ap ofri kiltivatè New York yo plis mache.

Pwogram Alimantasyon Mache Agrikòl la

Pwogram Alimantasyon Mache Agrikòl la (Farmers' Market Nutrition Programs, FMNP) ap ede fanmi k ap patisipe nan Pwogram Nitrisyon Siplemanè Espesyal (Special Supplemental Nutrition Program) pou pwogram Fanm, Tibebe ak Timoun lan (Women,

Infants and Children, WIC) ak granmoun aje elijib yo achte fwi, legim, ak epis frèch yo kiltive onivo lokal nan mache agrikòl yo, kyòsk agrikòl yo ak mache mobil yo.

Gen 6.8 milyon dola nan avantaj FMNP ki disponib pou fanmi yo atravè pwogram WIC la. Yo pral distribiye apeprè 340,000 ti livrè ki gen senk chèk 4 dola ladan, oswa 20 dola ototal ki disponib ane sa a, sa k ap pèmèt moun achte fwi ak legim frè, ki kiltive onivo lokal nan men plis pase 900 kiltivatè k ap vann nan plis pase 600 mache agrikòl ak kyòsk agrikòl atravè eta a yo.

Prèske 3 milyon dola nan avantaj yo disponib tou pou granmoun aje ki gen nivo revni elijib yo, ki nan laj 60 tan oswa plis, pou yo achte fwi, legim frèch yo kiltive onivo lokal pou yon montan 20 dola gras a pwogram FMNP pou Granmoun Aje a. Yo ofri avantaj pwogram lan sou yon baz endividyèl, sa k ap agrandi anplè pwogram lan pou l rive kouvri Nouyòkè aje yo.

Nan kominote Rejyon Nò yo, [Biwo pou Granmoun Aje \(Offices for the Aging\)](#) zòn konte a yo ap distribiye chèk yo kòmanse 1ye Jiyè. Rezidan Vil New York yo ka jwenn ki kote pou yo resevwa avantaj yo lè yo rele 311 epi mande pou yo ba yo yon anyè.

Biwo pou Granmoun Aje Eta New York la (New York State Office for the Aging), Depatman pou Granmoun Aje Vil New York la ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la ap administre pwogram FMNP pou Granmoun Aje a ak pwogram WIC la. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou FMNP, tanpri klike [la](#). Pou w wè yon lis mache yo otorize baze sou konte ki enskri pou yo patisipe nan pwogram FMNP a, tanpri vizite [sitwèb](#) Depatman an.

Pwogram Chèk FreshConnect la

Chèk FreshConnect disponib pou tout ansyen konbatan, manm sèvis lame yo, ak fanmi pwòch yo nan biwo Divizyon Sèvis pou Ansyen Konbatan yo (Division of Veterans' Services, DVS) sou baz premye vini, premye sèvi. Ansyen konbatan yo, manm Sèvis lame yo ak manm fanmi pwòch yo pa bezwen pou yo se yon benefisyè nenpòt pwogram asistans pou yo ka jwenn ak itilize Chèk FreshConnect yo. Pou plis enfòmasyon, ak pou w jwenn yon biwo DVS, tanpri rele [1-888-838-7697](tel:1-888-838-7697) pou w mande enfòmasyon.

Chèk FreshConnect yo ofri yon kupon ensitasyon 2 dola bay sila ki gendwa se benefisyè Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) pou chak 5 dola avantaj yo itilize nan mache k ap patisipe yo. Ensitasyon an ap ogmante pouwa dacha a 40 pousan anplis, pandan l ap sipòte kiltivatè lokal yo an menm tan.

Anplis de sa, Depatman ap travay ak Biwo Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary Disability Assistance, OTDA) eta a pou yo asire ke avantaj SNAP yo disponib pou moun itilize nan mache agrikòl yo. Nouyòkè ki resevwa avantaj SNAP yo ka itilize kat Transfè Avantaj Elektwonik yo (Electronic Benefit Transfer, EBT) pou yo achte pwodui alimantè nan magazen vant an detay yo ak nan kèk mache agrikòl nan kyòsk agrikòl. Yon lis mache ki aksepte avantaj SNAP yo disponib [la](#).

Eta a te toujou ap ankouraje moun itilize avantaj SNAP yo nan mache agrikòl yo pou yo sipòte endistri agrikilti lokal la. Kòm konsekans efò sa yo, chak ane, prèske 2.7 milyon Nouyòkè ki gen revni fèb itilize avantaj yo resevwa pou yo achte pwodui alimantè nourisan ki bon pou lasante, ke yo pwodui onivo eta a. An 2018 sèlman, OTDA te trete 2.3 milyon dola atravè 104,066 tranzaksyon nan 121 lokalite mache. Lè yo mete tout ansanm, ajans lan te trete 156,260 tranzaksyon nan 199 sit ki gen ladan charyo ekolojik, kyòsk agrikòl, ak mache mobil, ki akimile rive 2.9 milyon dola nan avantaj yo te echanje pou pwodui alimantè yo kiltive oswa pwodui onivo lokal.

Anplis de sa, Eta a te kontinye fè pwogrè nan kad agrandisman ak ogmantasyon efikasite pwogram ki konekte fwaye ki gen revni fèb yo ak mache agrikòl yo. Kounye a gen yon kantite rekò kote gen plis pase 300 mache agrikòl toupatou atravè eta a ki aksepte avantaj SNAP yo.

Eta a te travay tou ak konpayi prive yo pou asire ke yo ka trete tranzaksyon ki fèt nan mache agrikòl yo gras a teknoloji telefòn mobil yo, sa k ap ogmante efikasite ak redui depans operasyon yo. Nan kòmansman ane sa a, Square Inc., ki se yon konpayi sèvis finansye ki baze nan San Francisco, te envesti 2 milyon dola nan Novo Dia Group pou sipòte agrandisman yo kontinye fè nan Mache Mobil+ platfòm transfè avantaj elektwonik ke mache agrikòl toupatou atravè eta a yo ap itilize pou yo trete tranzaksyon yo.

Komisè Agrikilti Eta a Richard A. Ball te deklare, "Pandan n ap kòmanse sezon agrikòl la, yo ap raple nou nan ki pwen Nouyòkè yo gen chans pou yo tèlman gen anpil opsyon pou yo jwenn pwodui alimantè ak bwason nourisan yo kiltive onivo lokal. Pou asire ke granmoun aje nou yo ak rezidan ak fanmi ki gen revni fèb yo jwenn aksè a bon jan kalite pwodui alimantè sa yo, Eta New York ofri plizyè pwogram ki ogmante pouvwa dacha konsomatè yo pou pwodui nan mache k ap patisipe yo. Lè nou ede Nouyòkè yo achte pwodui alimantè nourisan nan mache agrikòl nou yo, kiltivatè nou yo ak kominote nou yo benefisye tou".

Direktè Pwovizwa Biwo pou Granmoun Aje Eta New York la, Greg Olsen te deklare, "Pwogram alimantasyon New York yo, k ap trase chemen an pou nasyon nou an enpòtan anpil pou ede plis pase 4.3 milyon granmoun aje eta nou an yo rete an bòn sante yo epi mentni endepandans yo. Yon rejim alimantè ki bon pou lasante se yon eleman kle pou moun vyeyi byen, epi Pwogram Alimantasyon Mache Agrikòl pou Granmoun Aje yo, ki ofri granmoun aje ki gen revni fèb yo aksè a fwi ak legim frèch yo kiltive onivo lokal, jwe yon wòl enpòtan nan efò n ap fè pou nou fè New York vin eta ki pi an sante nan nasyon an ak yon bèl kote pou moun ki gen tout laj grandi ak vyeyi".

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker, te di, "Aksè a fwi ak legim frèch enpòtan anpil pou nitrisyon ak lasante an jeneral. Nou kontan anpil pou nou fè patenarya ak Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la pou n asire ke Nouyòkè yo ka pwofite de grand varyete mache agrikòl eta a yo, kèlkeswa nivo revni yo".

Komisè OTDA a, Mike Hein te deklare, "Konekte fwaye ki gen revni fèb yo avèk mache agrikòl toupatou atravè eta a yo se yon viktwa sou tout plan. Non sèlman nou ap ede fanmi yo tabli tandans alimantasyon ki bon pou lasante, men tou nou ap sipòte

fèm ak ti biznis yo ki se potomitan endistri agrikòl New York la. Nou kontan anpil pou nou wè plis mache agrikòl pase jamè ap acksepte avantaj pwogram asistans alimentantè yo epi mwen swete ke agrandisman sa a ap ankouraje menm plis fwaye sipòte endistri agrikilti lokal la".

Direktè Divizyon Sèvis pou Ansyen Konbatan Eta New York la, James McDonough te deklare, "Pwogram Chèk FreshConnect la ofri Konseye nan Avantaj Sosyal pou Ansyen Konbatan nou yo (Veterans Benefits Advisors) zouti sansibilizasyon ak zouti pwogramatik pou angaje Ansyen Konbatan ak manm Sèvis lame nou yo konsènan sèvis yo nan lame Amerikèn lan ak fason nou ka ede yo jwenn aksè a avantaj yo merite yo. Pwogram FreshConnect la se yon mwayen inestimab, ki yon tijan pa tradisyonèl, pou konekte ak angaje avèk manm Ansyen Konbatan ak manm Sèvis Lame yo anndan kominote yo".

Reprezantan Nita Lowey te deklare, "Fwi ak legim frèch enpòtan anpil pou yon rejim alimentantè ki bon pou lasante, epi gras a pwogram yo ofri nan mache agrikòl toupatou atravè eta a yo, chak grenn Nouyòkè ka jwenn aksè a pwodui alimentantè nourisan sa yo. Antanke Prezidan Komite Apwopriasyon Lachanm lan (House Appropriations Committee), mwen fyè paske pwojè lwa bidjè depans pou Ane Fiskal 2020 an pou Depatman Agrikilti a, ke Lachanm lan pral konsidere semèn pwochen lan, pral refize eliminasyon Administrasyon Trump lan prevwa fè nan Pwogram Alimantasyon Mache Agrikòl WIC la olye yo restore finansman pou inisyativ vital sa a".

Reprezantan Sean Patrick Maloney te deklare, "Ou ka jwenn pwodui frèch yo kiltive onivo lokal toupatou atravè rejyon Hudson Valley a, men li souvan difisil pou fanmi ki gen revni fèb yo jwenn mwayen pou peye pwodui nourisan sa yo, sa k ap limite aksè a yon rejim alimentantè ekilibre. Mwen fyè paske gras a pwogram asistans federal yo tankou pwogram SNAP la, nou ka ede tout Nouyòkè gen opòtinite pou yo savoure pwodui alimentantè ke yo pa t ka jwenn avan yo".

Senatè Jen Metzger, ki se Prezidan Komite Agrikilti Sena a (Senate Agriculture Committee), te deklare, "Gras a èd pwogram novatè eta a yo, mache agrikòl yo ap jwe yon wòl enpòtan nan efò k ap fèt pou ede abòde pwoblèm ensekirite alimentantè a epi agrandi aksè abòdab a pwodui alimentantè frèch, nourisan yo kiltive onivo lokal yo. Pwogram Alimantasyon Mache Agrikòl la ak chèk FreshConnect yo, ansanm ak avantaj SNAP yo aksepte nan mache agrikòl yo, ap pèmèt granmoun aje yo ak rezidan ki gen revni fèb yo savoure bon jan kalite pwodui alimentantè fèm New York yo pwodui. Yon ekonomi alimentantè ki bon pou lasante se yon ekonomi ki soutni ti fèm yo pandan l ap asire ke sitwayen ki pi arisk nou yo ka jwenn aksè a pwodui alimentantè frèch, nourisan yo pwodui yo".

Manm Asanble a Donna Lupardo, Prezidan Komite Agrikilti Asanble a (Assembly Committee on Agriculture), te deklare: "Youn nan meyè moman sezon ete a se savoure pwodui alimentantè nou achte nan men kiltivatè lokal nou yo. Mache agrikòl yo se yon eleman enpòtan nan efò n ap fè pou n sipòte biznis ti fèm yo epi ede ogmante aksè pou konsomatè yo, a pwodui alimentantè frèch, ki bon pou lasante. Eta a te fè yon pa annavan pou asire ke granmoun aje yo ak rezidan ki gen revni fèb yo ka savoure meyè gou ete yo".

Direktris Egzekitiv Federasyon Mache Agrikòl New York la, Diane Eggert te deklare, "Malgre estrès tan lapli ak tan frèt pretan sa a, kiltivatè New York yo kontan anpil pou kòmansman sezon mache agrikòl la epi yo te jwenn fason pou yo pote pwodui alimantè lokal yo sou mache a malgre move tan. Nou felisite volonte yo ak lespri antreprenarya yo epi mwen vrèman rekòmande konsomatè New York yo vin vizite mache agrikòl lokal yo pou yo ka sipòte efò yo, achte pwodui alimantè nourisan yo kiltive onivo lokal epi pale ak kiltivatè yo pou yo ka aprann konnen plis sou pwodui alimantè y ap ofri yo. Yo se yon lamàn konesans epi yo renmen pataje istwa yo, ekspètiz yo ak tikonsèy pou fè manje! Anpil nan mache ak kiltivatè eta yo ap patisipe tou nan pwogram SNAP la, FMNP, ak pwogram kupon yo, tankou pwogram Chèk FreshConnect la pou asire pwodui alimantè yo aksesib pou tout konsomatè New York yo".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)